


Peye dèt sipò timoun nan Vil New York la de (2) fwa pi rapid.

PAY IT OFF

1ye Jen jiska 30 Jen 2023

Plis pase 3,000 paran ki p ap viv ak timoun yo te patisipe nan pwogram Rambousman an (Pay It Off, PIO). Rediksyon mwayèn aryere dèt yo dwe NYC DSS pou chak dosye se \$4,625.

Konbyen dèt nou kapab retire pou ou? Aji kounye a pou w ka konnen.



Etap 1 Siyen yon Akò

Soumèt akò ki ranpli epi ki siyen ant 1ye jiska 30 Jen pa mwayen imèl, lapòs, oswa an pèsòn. Li obligatwa pou ou gen yon akò separe **pou chak ka** ak pou chak peman pou ou resevwa yon kredi.

Voye yon imèl nan: dcse.cseweb@dfa.state.ny.us, sijè "Pay It Off"



Telechaje
akò a

Voye l bay:

OCSS - Pay It Off
PO Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

Fas-a-fas:

Sant Sèvis san Randevou pou Kliyan OCSS
151 West Broadway, 4yèm Etaj
New York, NY 10013
Lè Biwo a louvri: Lendi pou rive Vandredi, 8è am pou rive 6è pm
(sof jou konje ak wikkenn yo)

Etap 2 Fè yon peman

- Fè yon peman** \$500 oswa plis pou Rambousman ant 1ye jiska 30 Jen. Yo dwe resevwa peman yo pou pita 30 Jen 2023 pou ou resevwa kredi a. Montan total obligasyon pou sipò tribinal la òdone kounye a, ou dwe peye sa ou dwe pou mwa Jen an an premye, epi sa pa pral koresponn.
- Peman an dwe vini avèk akò a. Lè ou ap soumèt akò a yon fason ki separe, di kilè ak kòman ou ap soumèt peman an.
- Lè gen plizyè ka, soumèt yon peman separe pou chak ka.
- Fè peman yo nan non " Sant Tretman Sipò pou Timoun nan NYS (NYS Child Support Processing Center)".
- Mete Nimewo Idantifikasiyon dosye sipò pou timoun nan epi mete "Rambousman" sou peman ou an.



Metòd
Peman

Etap 3 Jwenn yon korespondans dola-pou-dola pou peman kalifye

OCSS ap voye yon rezime sou desizyon li pran yo sou 4 jiska 5 semèn apre nou fin resevwa akò ak peman an (yo).

Etap 4 Diminye dèt ou a plis ankò.

Enskri nan Pwogram Kredi Aryere (Arrears Credit Program, ACP)

Resevwa yon rediksyon dèt inik \$2,500 sou aryere ou dwe NYC DSS yo lè ou ap aplike pou ACP nan mwa Jen 2023 a.



Peye tout obligasyon mansyèl tribinal la òdone a epi jwenn yon rediksyon \$5,000 sou dèt NYC DSS ou a nan fen 12 mwa yo. Rete nan pwogram nan jiska twa (3) ane, de (2) ane anplis epi ou ap jwenn yon rediksyon total \$15,000 sou dèt ou gen pou NYC DSS la. Gade detay yo nan nyc.gov/ocss-debt-reduction.

Enterè Sou Jijman Lajan

Si ou fin ranbouse NYC DSS kapital la nan kad yon desizyon jiridik, y ap elimine enterè ou yo.

Gade yon egzanz sou kòman nou kapab diminye dèt la epi jwenn plis enfòmasyon sou nyc.gov/payitoff.

Pa rate chans sa a pou diminye dèt ou an!

Ou gen kesyon? Voye yon imèl nan dcse.cseweb@dfa.state.ny.us, sijè "Pay It Off"